

# 6 septanm

**Depi Bondye kreye lemond, bagay nan Bondye ki en-  
vizib, tankou pisans etènèl li, epi kalite li kòm Bon-  
dye, yo klè nan je, lè moun konprann yo nan sa ki te  
kreye yo.** Women 1. 20

**Pa gade sou sa ou konnen.** Pwovèb 3. 5

**Jan ou te pwomèt la, banm bon konprann.**

Sòm 119. 169

## **Lafwa ak entelijans**

Si ou ta mande kèk kretyen kòman yo fè vin devni kretyen, ou va reyalize ke istwa yo tout diferan. Pou kèk, se yon chemen etap pa etap, pou kèk lòt se yon bagay yo dekouvri brid-soukou. Gen kèk se yon vèsè bibliki ki te touche yo sibitman, kèk lòt t ap konprann mesaj levanjil la piti piti, kèk lòt ankò te konnen yon pakou ki boule ak anpil diskisyon nan nanm ak nan kè.

Ki plas rezon genyen nan demach pou jwenn Bondye ? Eske nou dwe mete akote oubyen èske nou dwe baze sou li ? Paskal ekri, “genyen de eksè : mete rezon deyò, ak konte sèlman sou rezon”. Tou de mennen nan yon enpas. Lè w vle chita sèlman sou rezon nan demach pou nou jwenn Bondye se yon demach anven epi yon ilizyon. Bondye pa yon lide ke moun ka demontre, se yon pèsonaj ke nou pran detèminasyon nou anvè li.

Gen yon moman kote rezon nou bite, e pou nou ka avanse fòk nou vòltije ak lafwa. Se pa vòltije nan yon twou, men vòltije nan men lanmou Bondye yo.

Si se pa sa, kretyen an riske depann de eksperyans moman an epi chita sou kèk emosyon k ap pase. Nan lèt li yo, apot Pòl, ke Bondye enspire, toujou ap chèche pou klere ni kè ni entelijans. Se pa zafè rezon sou Bondye, men se resevwa revelasyon li a ak rèspè, ak konfyans. Lè sa a, nou dekouvri ke, olye nou kòmanse ak rezon nou, revelasyon louvri entelijans nou “sou sa ke je pa janm wè, zòrèy pa janm tande,... sa ke Bondye prepare pou moun ki renmen li yo” (1 Korentyen 2. 9).

# 6

septembre

**Depuis la création du monde, ce qu'il y a d'invisible en Dieu, c'est-à-dire à la fois sa puissance éternelle et sa divinité, se discerne au moyen de l'intelligence, d'après les choses créées.** Romains 1. 20

**Ne t'appuie pas sur ton intelligence.** Proverbes 3. 5

**Rends-moi intelligent selon ta parole !** Psaume 119. 169

## Foi et intelligence

Si vous demandez à des personnes chrétiennes comment elles le sont devenues, vous découvrirez que leurs histoires sont toutes différentes. Pour certains, c'est un chemin progressif, pour d'autres une découverte soudaine. Les uns ont été touchés subitement par un verset de la Bible, d'autres ont saisi peu à peu le message de l'évangile, d'autres encore ont connu un cheminement douloureux à travers de longs débats de l'esprit et du cœur.

Quelle part tient la raison dans cette recherche de Dieu ? Faut-il la mettre de côté ou s'appuyer sur elle ? "Deux excès, écrivait Pascal : exclure la raison, n'admettre que la raison". Les deux conduisent à une impasse. Vouloir s'appuyer uniquement sur la raison dans notre recherche de Dieu est une prétention vaine et illusoire. Dieu n'est pas une idée qu'on prouve, il est un être par rapport auquel on se détermine.

Il est un moment où notre raison bute, et pour avancer il faut le saut de la foi. Non pas un saut dans le vide, mais un saut dans les bras du Dieu d'amour.

À l'inverse, le croyant court le risque de dépendre de l'expérience du moment et de s'appuyer sur des émotions passagères. Dans ses lettres, l'apôtre Paul, inspiré par Dieu, cherche toujours à éclairer le cœur et l'intelligence. Il ne s'agit pas de raisonner sur Dieu, mais de recevoir sa révélation avec respect et confiance. Nous découvrons alors que, loin d'entamer notre raison, la révélation ouvre notre intelligence à "ce que l'œil n'a pas vu, que l'oreille n'a pas entendu,... ce que Dieu a préparé pour ceux qui l'aiment" (1 Corinthiens 2. 9).